


LÈT ENFÒMASYON POU MANM YO

Nan nimewo sa a

AmeriHealth Caritas Ohio ede moun yo jwenn lojman ki estab e ki gen sekirite	2
Pwogram matènité Bright Start®	3
Plis benefis pou soutni fanmi AmeriHealth Caritas Ohio yo	4
Èske ou pran swen yon manm fanmi w oswa yon zanmi w?	5
Nou ta renmen konnen sa ou panse	5
Jwenn rekonpans sou kat CARE a lè ou patisipe nan aktivite ki ede w rete an sante!	6
Viris respiratwa: Fason ou ka pwoteje tèt ou ak fanmi w	6
Jwenn byennèt sou wout ou	12





AmeriHealth Caritas Ohio ede moun yo jwenn lojman ki estab e ki gen sekirite

Selon Coalition on Homelessness and Housing in Ohio, depi pandemi an, lwave yo ogmante anpil nan tout Eta a. An mwayèn, ant 2021 ak 2023, lwave yo mande pou yon apatman de chanm ogmante nan 18%. An janvye 2023, estimasyon yo fè konnen te gen 11,386 rezidan Ohio ki sanzabri. Se yon ogmantasyon prèske 7% parapò ak 2022. Youn nan pi gwo rezon ki fè gen moun ak fanmi ki sanzabri se pri lojman yo.

AmeriHealth Caritas Ohio konprann jan li enpòtan pou manm nou yo jwenn yon lojman ki gen sekirite pou yon pri yo ka peye. Nou ofri tout manm yo sèvis pou ede yo kowòdone tout sa ki nesesè pou yo jwenn yon lojman pou yon maksimòm 12 mwa. Kowòdinatè lojman nou an sèvi ak resous lokal ki disponib yo pou ede manm yo jwenn yon lojman ki estab e ki gen sekirite pou yon pri yo ka peye.

Pou manm ki ansent yo, manm ki fèk akouche yo ak tibebe yo, AmeriHealth Caritas Ohio genyen yon fon fleksib pou estabilite nan lojman pou ofri yo jiska \$750 nan sitiyasyon ijans. Manm ki ansent yo ak sa ki fèk akouche yo ka itilize kòb sa a pou:

- Depans pou aplike pou yon lojman
- Kòb yo bay yon sèl fwa kòm depo sekirite
- Achte sa yo bezwen pou kòmanse viv nan yon kay, tankou kabann, matla oswa èkondisyone pòtab

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo.

Gen kèk restriksyon ak limit ki ka aplike.

Si w gen kesyon sou swen sante AmeriHealth Caritas Ohio kouvri yo oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nou yo, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700** (**TTY 1-833-889-6446**), 24 sou 24, sèt jou sou sèt.

Nou la pou ou.

Sous:

"Homelessness in Ohio Since the Pandemic," Coalition on Homelessness and Housing in Ohio,
<https://cohio.org/ohios-unhoused-population-grows-7-amid-rising-rents/>.



Pwogram matènité Bright Start®

Ou bezwen bonjan swen ak sipò pou rete an sante pandan gwochè ou e pou akouche yon tibebe ki an sante. Se sa ki objektif pwogram matènité Bright Start nou an.

Ekip nou an la pou ede w nan domèn sa yo:

- Fè w jwenn swen prenatal pou pwoteje sante w ak sante tibebe w pandan gwochè ou
- Prepare w pou tranche ak akouchman
- Fè w jwenn swen pòs-patòm epi ede w konnen sa k pral rive apre akouchman an
- Pran swen tibebe w ki fèk fèt
- Ede w jwenn resous ki itil, tankou pwogram nitrisyon siplemantè Women, Infants, and Children nan (WIC)

Pou enskri nan Bright Start, rele nan **1-833-606-2727** (**TTY 1-833-889-6446**), soti 8 è nan maten rive 5 è nan aprèmidi, lendi pou vandredi. Ekip kowòdinasyon swen nou an disponib pou reponn kesyon w yo, pou ba w dokiman k ap enfòme w e pou travay avè w pandan gwochè ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele ekip sèvis pou manm yo.



BRIGHT START®



Plis benefis pou soutni fanmi AmeriHealth Caritas Ohio yo

Bwat akèy nan pwogram Bright Start la

Se yon nouvo benefis pou nouvo paran yo! Nou ba w kèk atik k ap itil pou tibebe w epi nou ede w jwenn sa ou bezwen pandan peryòd pòs-patòm nan.

Bwat akèy nan pwogram Bright Start la gen bagay sa yo ladan l:

- Yon sak pou dòmi ak enfòmasyon pou ede w kreye yon espas kote tibebe w ap ka dòmi an sekirite
- Souson
- Ti twal pou mete sou tete w pou lè yo koule
- Yon senti pou kenbe tibebe w ak yon bwat pwodui sante
- Yon liv pou tibebe w ak yon liv aktivite pou lòt timoun ki nan kay la

Inifòm lekòl ak founiti eskolè

AmeriHealth Caritas Ohio ede moun yo prepare yo pou ale lekòl.

Se pou rezon sa a nou ofri yon benefis espesyal pou ede w peye pou depans ou gen pou fè pou achte inifòm lekòl ak founiti eskolè. Chak manm AmeriHealth Caritas Ohio ki ale lekòl ka jwenn jiska \$75 nan ane a pou achte inifòm lekòl ak founiti:

- Kindègadenn rive nan 12^{yèm} ane — m,ayo, pantalon, jip, chosèt, soulye, elatriye.
- Lekòl pwofesyonèl ak lekòl teknik — tabliye, blouz, blouz laboratwa ak blouz esteril
- Founiti eskolè — sakado, gwo kreyon, klasè, makè, kat endèks, fèt, kaye, kreyon ak plim

Rele ekip repons rapid AmeriHealth Caritas Ohio a nan **1-833-464-7768 (TTY 1-833-889-6446)** pou konnen ki fason ou ka jwenn kob sa a. Gen kèk restriksyon ak limit ki ka aplike.

Dekouvri lòt benefis nou ofri:

Li ka difisil pou pran swen sante w si gen lòt bagay k ap trakase w, tankou travay, lekòl ak bezwen fanmi w. Nou ka ede w jwenn resous ki disponib nan zòn ou rete a pou ede w regle lòt bagay ki nesesè anplis swen medikal ou yo.

Pwogram fòmasyon pou èd sante adomisil:

Bon nouvèl! N ap kòmanse ofri nouvo pwogram fòmasyon sa a apati janvyé 2025. Ou ka vin yon èd sante adomisil ki sètifye nan Ohio san sa pa koute w anyen.

Èske ou pran swen yon manm fanmi w oswa yon zanmi w?

Pran swen yon moun ka bay kè kontan. Sepandan, sa ka afekte sante w tou. Dayè, plis pase 60% moun ki pran swen lòt moun gen sentòm ki montre yo bouke. Kèk nan yo se fatig emosyonèl ak fatig fizik, dezespwa ak santiman yo pa ka fè anyen, difikilte pou konsantre, ak tonbe malad souvan. Ou sipoze pwoteje sante w ak byennèt ou pou w ka pran swen yon lòt moun. Men kèk bagay ou kapab fè pou evite bouke pandan w ap pran swen lòt moun:

- Pale avèk pwofesyonèl sante w.
- Pran tan pou repoze oswa pou fè aktivite ou renmen fè (tankou mache, li, koute mizik oswa fè manje ou renmen manje).
- Mande èd oswa aksepte èd lè yo ofri w li. Prepare yon lis moun ki ka vin ede w pou w ka repoze epi endike nan ki jou ak ki lè yo disponib.
- Fikse kèk objektif ou ka jere epi eseye suiv yon woutin chak jou.
- Patisipe nan yon gwoup sipò.

Chèche resous ki disponib nan zòn ou rete a:

- Sèvis sante adomisil
- Sèvis gadri pou adilt
- Ohio's Area Agencies on Aging (rele nan **1-866-243-5678** pou kontakte ajans ki sèvi granmoun yo nan kominate w la)

Sous:
"Caregiver Burnout," Cleveland Clinic,
<https://my.clevelandclinic.org/health/diseases/9225-caregiver-burnout>.



Liy enfimyè 24/7 la:

Ou ka toujou pale avèk enfimyè anrejistre nou yo san sa pa koute w anyen. Yo kapab ba w konsèy lè pwofesyonèl sante w pa disponib epi konvèsasyon ou genyen avèk yo konfidansyèl. Rele nan **1-833-625-6446** (**TTY 1-833-889-6446**), 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Si w gen yon ijans, tanpri rele **911**.

Nou ta renmen konnen sa ou panse

Patisipe nan reyinyon komite konsilitatif pou manm yo ak fanmi yo pou fè konnen sa ou panse! Reyinyon sa yo òganize chak twa mwa nan chak rejyon nan Eta a. Nou envite omwen 10 manm nan chak rejyon. Se yon bon fason pou nou koute lide, konsèy ak sijesyon ou genyen sou sa nou ka amelyore. Si w ta renmen patisipe nan yon reyinyon, an pèsòn oswa pa mwayen komunikasyon vityèl, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700** (**TTY 1-833-889-6446**), 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Si w bezwen transpò pou asiste, rele konpayi transpò nou angaje a nan **1-833-664-6368**. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.amerihealthcaritasoh.com/member/eng/rights/advisory-council.aspx.

Si w patisipe nan komite konsilitatif pou manm yo ak fanmi yo, w ap jwenn \$25 anplis sou kat CARE w! Nou bay repa nan chak reyinyon.





Jwenn rekonpans sou kat CARE a lè ou patisipe nan aktivite ki ede w rete an sante!

Pa egzanp, ou ka jwenn yon rekonpans \$50 lè ou reponn yon ti sondaj sou sante w. W ap jwenn sondaj la sou **www.amerihealthcaritasoh.com/hra**. Ou ka itilize rekonpans ou yo pou achte nan magazen sa yo:

CVS

Giant Eagle

Rite Aid

Dollar General

Kroger

Walgreens

Family Dollar

Meijer

Walmart

Viris respiratwa: Fason ou ka pwoteje tèt ou ak fanmi w

Sezon viris respiratwa a rive. Kèk maladi tankou grip, koklich ak viris respiratwa sensityal (RSV) ka kòmanse ak sentòm ki sanble ak sentòm rim. Sepandan, yo ka vin pi grav, sitou kay tibebe yo, gramoun ki aje yo ak moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb.

Viris respiratwa a ka gaye lè moun touse, estènen oswa manyen bagay ki gen mikwòb sou yo, tankou yon pwaye pòt. Pandan sezon otòn ak livè, gen plis tibebe, timoun ak adilt ki ale kay doktè oswa ki ale lopital paske yo bezwen tretman pou viris sa yo.

(suit nan paj ki vin annapre a)



Men sa ou bezwen konnen sou virus respiratwa yo:

Enfliyenza (grip)

Pran yon piki kont grip la chak ane se pi bon fason pou evite grip oswa pou redui efè grip la ka genyen. Yo rekòmande piki pou 2024 – 2025 lan pou moun ki gen plis pase 6 mwa yo. Piki sa a ka pwoteje yo kont twa virus grip.

Septanm ak oktòb se pi bon lè pou w pran piki kont grip la. Kò w bezwen anviwon de semèn pou l devlope antikò k ap pwoteje l kont grip la. Yon piki kont grip la pa p ba w grip la, men li ka ba w kèk ti efèw segondè tankou lafyèv, doulè nan zòn enjeksyon an, tèt fè mal, fatif, kè plen ak doulè nan mis. Sentòm sa yo ta dwe disparèt apre kèk jou.

Koklich

Lè yon moun gen koklich, li fè yon bri ki tankou sa yon moun ki pa jwenn ase lè pou l respire fè apre li tous. Tibebe ki piti yo ka gen epizòd apne, oswa poz nan respirasyon yo. Si sa rive, fè l jwenn swen medikal tousuit. Tibebe ak timoun ki pa t jwenn tout piki kont koklich yo sipoze jwenn yo gen plis risk pou yo gen pwoblèm.

Moun ki ansent yo ta dwe pran yon piki ant 27^{yèm} ak 36^{yèm} semèn gwosès yo. Sa pwoteje tibebe w pou l pa pran koklich nan men w. Epitou, li t ap bon si nenpòt moun ki pral pran swen tibebe a pran yon piki anviwon kat semèn anvan dat tibebe a sipoze fèt.

Virus respiratwa sensityal (RSV)

RSV ka lakòz enfeksyon, tankou nemoni. Pafwa, tibebe ki piti yo pa ka manje oswa bwè ase pou yo rete an sante si yo gen RSV paske yo gen difikilte pou yo respire. Anjeneral, tibebe ak adilt ki an sante yo pa bezwen ale lopital. Si w ansent, ou ka resevwa yon piki ant 32^{yèm} ak 36^{yèm} semèn gwosès ou. Piki sa a fè tibebe ki poko fet la jwenn pwoteksyon an tou. Mete sou sa, yo ka bay tibebe yo yon antikò kont RSV pandan sezon RSV a (ant septanm ak mas). Granmoun ki aje yo ak tibebe ki piti yo gen plis risk pou yo gen pwoblèm e yo ka gen pou ale lopital. Si w gen dout, tanpri pale sou sa avèk pwofesyonèl sante w. Epitou, yo ka rekòmande piki kont RSV a pou moun ki genyen 60 lane oswa plis yo. Yon sèl piki ap pwoteje yon adilt ki genyen 60 lane oswa plis pandan de sezon livè. Pale sou sa avèk pwofesyonèl sante w.

Sous:

“Influenza (Flu),” Centers for Disease Control and Prevention, <https://www.cdc.gov/flu/index.htm>.

“Whooping Cough Vaccination,” Centers for Disease Control and Prevention, <https://www.cdc.gov/pertussis/vaccines/index.html>.

“Immunizations to Protect Infants,” Centers for Disease Control and Prevention, <https://www.cdc.gov/rsv/immunizations-protect-infants/index.html>.

Kèk konsèy pou kanpe mikwòb yo:

- Lave men w souvan.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Mete yon kach-nen lè ou malad oswa lè gen moun ki malad bò kote w.



Èske pitit ou jwenn tout piki li bezwen yo kont koklich la?

Yo sijere piki sa yo pou timoun ki gen laj sa a:

- 2, 4, 6, ak 15 a 18 mwa
- 4 a 6 lane
- 11 a 12 lane pou piki rapèl la



Avi sou entèdiksyon diskriminasyon

AmeriHealth Caritas Ohio respekte lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo. Mete sou sa, lè yon moun resevwa sèvis sante, AmeriHealth Caritas Ohio pa fè okenn diskriminasyon sou li akoz ras li, koulè li, reliyon li, sèks li, idantite seksyèl li, oryantasyon seksyèl li, laj li, andikap li, peyi kote li soti, sitiyasyon li kòm militè oswa kòm yon moun ki te konn nan lame, zansèt li yo, enfòmasyon jenetik li yo, eta sante li oswa bezwen l yo nan domèn sèvis sante. Lè yon moun resevwa sèvis sante, AmeriHealth Caritas Ohio pa ekate li ni li pa trete li yon fason ki diferan akoz ras li, koulè li, reliyon li, sèks li, idantite seksyèl li, oryantasyon seksyèl li, laj li, andikap li, peyi kote li soti, sitiyasyon li kòm militè oswa kòm yon moun ki te konn nan lame, zansèt li yo, enfòmasyon jenetik li yo, eta sante li oswa bezwen l yo nan domèn sèvis sante.

AmeriHealth Caritas Ohio bay moun ki andikape yo asistans ak sèvis gratis pou ede yo kominike fasilman ak nou, tankou:

- Entèprèt konpetan nan lang siy
- Enfòmasyon sou lòt fòma (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma ankò)

AmeriHealth Caritas Ohio bay moun ki pa gen anglè kòm lang prensipal yo sèvis gratis pou ede yo nan lang pa yo, tankou:

- Entèprèt konpetan
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w ta bezwen jan de sèvis sa yo, kontakte ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Si w panse AmeriHealth Caritas Ohio pa t bay sèvis sa yo oswa si w panse li te fè yon lòt kalite diskriminasyon sou yon moun ki t ap resevwa sèvis sante akoz ras li, koulè li, reliyon li, sèks li, idantite seksyèl li, oryantasyon seksyèl li, laj li, andikap li, peyi kote li soti, sitiyasyon li kòm militè oswa kòm yon moun ki te konn nan lame, zansèt li yo, enfòmasyon jenetik li yo, eta sante li oswa bezwen l yo nan domèn sèvis sante, ou kapab depoze yon reklamasyon bay:

- AmeriHealth Caritas Ohio Grievances
P.O. Box 7133
London, KY 40742
- Epitou, ou ka depoze yon reklamasyon nan telefòn nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Si w bezwen èd pou depoze yon reklamasyon, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Ohio yo disponib pou ede w. Ou kapab kontakte ekip sèvis pou manm yo 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Mete sou sa, ou kapab depoze yon plent sou dwa sivil bay Biwo Dwa Sivil ki fè pati Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an:

- Pa mwayen elektwonik, sou pòtay pou plent Biwo Dwa Sivil la ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>
- Pa lapòs nan adrès:
U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue SW, Room 509F, HHH Building
Washington, DC 20201
- Nan telefòn nan **1-800-368-1019 (TDD: 1-800-537-7697)**

Fòm pou depoze plent yo disponib nan www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

AmeriHealth Caritas Ohio detèmine pou l pwoteje konfidansyalite ak sekrite enfòmasyon pèsonèl manm plan l yo. Jwenn plis enfòmasyon sou pratik konfidansyalite nou yo sou www.amerihealthcaritasoh.com/privacy-notice.aspx



Sèvis entèpretasyon nan plizyè lang

English:

ATTENTION: If you do not speak English, language assistance services, free of charge, are available to you. Call **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

If you have any problem reading or understanding this or any other AmeriHealth Caritas Ohio information, please contact Member Services at **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** for help at no cost to you. We can explain this information in English or in your primary language. The information in other languages is at no cost to you. You can also get this information for free in other formats, such as large print, braille, or audio.

Spanish:

ATENCIÓN: Si habla español, tiene a su disposición servicios de asistencia lingüística sin cargo. Llame al **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Si tiene algún problema para leer o comprender esta o cualquier otra información de AmeriHealth Caritas Ohio, comuníquese con Servicios al Miembro al **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** para recibir ayuda sin costo alguno para usted. Podemos explicarle esta información en inglés o en su idioma principal. La información en otros idiomas no tiene costo para usted. Además, puede obtener esta información sin cargo en otros formatos, como impresión en letra grande, braille o audio.

Ukrainian:

УВАГА: Якщо ви говорите українською мовою, ви маєте право на безкоштовні мовні послуги. Телефонуйте за номером **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Якщо вам важко прочитати або зрозуміти цю або іншу інформацію, надану AmeriHealth Caritas Ohio, будь ласка зв'яжіться зі службою підтримки та обслуговування клієнтів за номером **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**, щоб отримати безкоштовну допомогу. Ми можемо пояснити цю інформацію англійською або вашою рідною мовою. Інформація іншими мовами надається вам безкоштовно. Ви також можете отримати цю інформацію безкоштовно в інших форматах, наприклад, великим шрифтом, шрифтом Брайля, або у вигляді аудіо.

Haitian French Creole:

ATANSYON: Si w pale kreyòl ayisyen, genyen sèvis pou ede w nan lang pa w ki disponib gratis pou ou. Rele nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Si w gen lòt difikilte pou li oswa pou konprann enfòmasyon sa yo oswa nенpòt lòt enfòmasyon ki soti nan AmeriHealth Caritas Ohio, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** pou jwenn èd san sa pa koute w anyen. Nou ka esplike enfòmasyon sa yo ann anglè oswa nan lang manman w. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo nan lòt lang san sa pa koute w anyen. Epitou, ou ka jwenn enfòmasyon sa yo gratis nan lòt fòma, tankou gwo karaktè, karaktè bray oswa fòma odyo.

Nepali/Nepalese (Nepal):

ध्यान दिनुहोसः यदि तपाईं नेपाली भाषा बोल्नुहुन्छ भने तपाईंका निम्नि भाषासम्बन्धी सहयोग सेवाहरू निःशुल्क रूपमा उपलब्ध हुन्छन् ।

1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446) मा फोन गर्नुहोस् ।

यदि तपाईंलाई यो वा AmeriHealth Caritas Ohio को अन्य कुनै पनि जानकारी पढ्न वा बुझ्नामा कुनै पनि समस्या हुन्छ भने कृपया तपाईंलाई कुनै पनि शुल्क नलाग्ने गरी मद्दतका लागि सदस्य सेवालाई **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** मा सम्पर्क गर्नुहोस् । हामीले यस जानकारीलाई अंग्रेजी वा तपाईंको प्राथमिक भाषामा वर्णन गर्न सक्छौं । जानकारी अन्य भाषाहरूमा निःशुल्क उपलब्ध हुन्छ । तपाईंले यो जानकारी अन्य स्वरूपहरूमा निःशुल्क पनि प्राप्त गर्न सक्छुन्छ, जस्तै कि ठूलो छापा, ब्रेल वा अडियो ।

Arabic:

تنبيه: إذا كنت تتحدث العربية، توفر خدمات المساعدة اللغوية لك مجاناً.
اتصل بالرقم **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

إذا كانت لديك أي مشكلة في قراءة أو فهم هذه المعلومات أو أي معلومات أخرى عن AmeriHealth Caritas Ohio فرجى الاتصال بخدمات الأعضاء على الرقم **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.
للحصول على المساعدة بدون أي تكالفة عليك. يمكننا شرح هذه المعلومات باللغة الإنجليزية أو بلغتك الرئيسية. المعلومات باللغات الأخرى بدون أي تكالفة عليك. كما يمكنك الحصول على هذه المعلومات مجاناً بصيغة أخرى مثل مطبوعة كبيرة، أو بطريقة برايل أو بصيغة صوتية.



Sèvis entèpretasyon nan plizyè lang

Russian:

ВНИМАНИЕ: если вы говорите по-русски, в вашем распоряжении бесплатные услуги переводчика. Позвоните по тел. **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Если у вас возникли проблемы с чтением или пониманием этой или любой иной информации об AmeriHealth Caritas Ohio, вы можете бесплатно обратиться за помощью в отдел обслуживания участников по тел. **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**. Мы объясним вам эту информацию либо по-английски, либо на вашем родном языке. Информация на других языках предоставляется вам бесплатно. Также данную информацию можно бесплатно получить в других форматах, например, крупным шрифтом, шрифтом Брайля или в аудиоформате.

Somali:

FIIRO GAAR AH: Haddii aad ku hadasho af-Soomaali, adeegyada caawimaada luqadda oo bilaash ah, ayaa diyaar kuu ah. Wac **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Haddii aad wax dhibaato ah ku qabto akhrinta ama fahmitaanka tan ama macluumaadka kale ee AmeriHealth Caritas Ohio, fadlan kala xiriir Adeegyada Xubinta **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** si aad u hesho caawimaad aan wax kharash ah kugu fadhiyin. Wawaan ku sharxi karnaa macluumaadkan Af-Ingiriis ama afkaaga hooyo. Macluumaadka luqadaha kale ku qoran wax kharash ah kuguma fadhiyaan. Waxad sidoo kale macluumaadkan ku heli kartaa qaabab kale oo bilaash ah, sida far waaweyn, farta indhoolaha, ama maqal.

French:

ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'aide linguistique sont mis à votre disposition gratuitement. Appelez-nous au **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Si vous avez du mal à lire ou que vous ne comprenez pas ce message ou d'autres informations fournies par AmeriHealth Caritas Ohio, veuillez contacter l'équipe de service aux adhérents au **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** pour recevoir une aide gratuitement. Nous vous expliquerons ces informations en anglais ou dans votre langue maternelle. Vous pouvez recevoir ces informations gratuitement dans d'autres langues. Vous pouvez également obtenir ces informations gratuitement dans d'autres formats, notamment en gros caractères, en braille ou sur format audio.

Kinyarwanda (Burundi):

MENYA NEZA: Nimba uvuga Ikirundi (Burundi), ama seruvise afasha mu vy'indimi, atangwa ku buntu, arahari ku bwanyu. Hamagara kuri **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Nimba hariho ingorane iyo ariyo yose ituma utoroherwa gusoma canke gutahura ibi canke amakuru ayo ariyo yose ya AmeriHealth Caritas Ohio, usabwe kwitura Member Services (Igisata Citaho Abanywanyi) uciye kuri nomero **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** kugira uronke ubufasha ku buntu. Turashobora kugusigurira aya makuru mu Congereza canke mu rurimi rwawe kavukire. Ayo makuru atanzwe mu zindi ndimi nta mahera uyatangira. Urashobora kandi kuronka aya makuru ku buntu mu bundi buryo, nko mu nyandiko nini, mu nyandiko zikoreshwa n'impumyi, canke mu buryo bw'amajwi.

Swahili:

TAHADHARI: Ikiwa unazungumza Kiswahili, utapokea huduma za usaidizi wa lugha, bila malipo. Piga simu kupitia **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)**.

Ikiwa una tatizo lolote la kusoma au kuelewa taarifa hii au nyininge yoyote ya AmeriHealth Caritas Ohio, tafadhali wasiliana na Huduma za Wanachama kupitia **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** ili upate msaada bila gharama yoyote. Tunaweza kukueleza habari hii kwa Kiingereza au katika lugha yako ya msingi. Taarifa katika lugha zingine haitakuwa na gharama kwako. Pia unawenza kupata taarifa hii bila malipo katika miundo mingine kama vile, maandishi makubwa, breli, au sauti.

Uzbek (Uzbekistan):

DIQQAT: Agar siz o'zbek tilini bilsangiz, til bo'yicha yordam xizmati siz uchun bepul. **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** raqamiga qo'ng'iroq qiling.

Agar sizda ushbu ma'lumotni yoki boshqa AmeriHealth Caritas Ohio ma'lumotlarini o'qish yoki tushunishda muammo bo'lsa, iltimos, bepul yordam olish uchun **1-833-764-7700 (TTY 1-833-889-6446)** raqami orqali Xizmat ko'rsatish bo'limi bilan bog'laning. Biz bu ma'lumotni ingliz tilida yoki ona tilingizda tushuntirishimiz mumkin. Mazkur ma'lumotlar boshqa tillarda ham siz uchun bepul taqdim etiladi. Shuningdek, siz ushbu ma'lumotni katta hajmda, brayl alifbosida yoki audio kabi boshqa formatlarda bepul olishingiz mumkin.



Pashtu (Afghanistan):

توجه: که تاسی په پښتو ژبه غږپړۍ، د ژبې د مرستي وریا خدمتونه ستاسي
لپاره موجود دي. دي (TTY 1-833-889-6446) 1-833-764-7700
شمبري ته زنگ ووهئ.

که تاسی د دی معلوماتو یا هم د AmeriHealth Caritas Ohio نورو معلوماتو لوستلو یا پوهېدلو کي مشکل لري، مهرباني وکړئ په وریا دول د مرستي لپاره د غرو خدمتونو سره په (TTY 1-833-889-6446) شمبره اړیکه ونیسي. موږ کولی شو په انګلسي ژبه کي بې ستاسي لومرني ژبه کي دا معلومات تاسی ته تشريح کړو. په نورو ژبو کي معلومات تاسی ته د کوم لګښت پرته درکول کېږي. همدارنګه تاسی کولی شئ په وریا دول دا معلومات په نورو بنو او فارمېتونو کي هم تر لاسه کړي، لکه غټ چاپ، برېل، یا غږیز.

Turkish:

DİKKAT: Türkçe konuşuyorsanız, sizin için ücretsiz dil yardım hizmetleri mevcuttur. **1-833-764-7700** (TTY 1-833-889-6446) numaralı telefonu arayın.

Bu notu veya başka herhangi bir AmeriHealth Caritas Ohio bilgi notunu okumada veya anlamada sorun yaşarsanız lütfen ücretsiz yardım için **1-833-764-7700** (TTY 1-833-889-6446) no lu telefondan Üyelik Hizmetleri ile iletişime geçin. Bu bilgileri size İngilizce veya ana dilinizde açıklayabiliriz. Diğer dillerde size verilecek bilgiler için ücret talep edilmez. Bu bilgileri, büyük baskı, Braille alfabesi veya audio gibi diğer formatlarda da ücretsiz olarak alabilirsiniz.

Dari (Afghanistan):

توجه: اگر به لسان افغاني ګپ میزند، خدمات مساعدت لسانی به صورت رايگان به شما ارایه میشود. با نمبر **1-833-764-7700** (TTY 1-833-889-6446) به تماس شوید.

اگر در خواندن یا درک این مطلب یا کدام معلومات سائزی از AmeriHealth Caritas Ohio مشکل دارید، لطفاً برای دریافت کمک رايگان با خدمات اعضا به نمبر **1-833-764-7700** (TTY 1-833-889-6446) به تماس شوید. ما میتوانیم این معلومات را به لسان انگلیسی یا به لسان اصلی شما توضیح دهیم. معلومات به لسان های سائز به صورت رايگان به شما ارایه میشود. همچنان میتوانید این معلومات را به صورت رايگان در فارمت های سائز مانند چاپ بزرگ، خط بریلی یا صوتی دریافت کنید.

Vietnamese:

CHÚ Ý: Nếu quý vị nói Tiếng Việt, chúng tôi có sẵn dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho quý vị. Hãy gọi **1-833-764-7700** (TTY 1-833-889-6446).

Nếu quý vị gặp khó khăn trong quá trình đọc hoặc hiểu thông tin này hoặc bất kỳ thông tin nào khác của AmeriHealth Caritas Ohio, vui lòng liên hệ Ban Dịch Vụ Khách Hàng theo số **1-833-764-7700** (TTY 1-833-889-6446) để được hỗ trợ miễn phí. Chúng tôi có thể giải thích thông tin này bằng Tiếng Anh hoặc bằng ngôn ngữ mẹ đẻ của quý vị. Thông tin ở ngôn ngữ khác được cung cấp miễn phí cho quý vị. Quý vị cũng có thể nhận thông tin này miễn phí ở các định dạng khác, chẳng hạn như định dạng chữ in khổ lớn, chữ nổi hoặc âm thanh.

mobile & opportunity center

Jwenn byennèt sou wout ou

Sant mobil pou byennèt ak opòtinite AmeriHealth Caritas Ohio yo se sant ki modèn e ki pote swen yo nan katye w! Li fè pati apwòch sante ak byennèt ki santré sou moun nou an. Se yon lòt metòd nou itilize pou al rankontre manm nou yo kote yo rete a. Kèlkeswa laj yo, manm yo ka patisipe nan diferan kalite evènman ak aktivite, tankou:^{*}

- Pwogram byennèt
- Edikasyon sou sante ak depistaj
- Kou fitnès ak nitrison
- Aktivite preparasyon pou anplwa ak lòt kalite fòmasyon
- Edikasyon sou fason pou dòmi an sekirite ak "baby showers" nan kominate a
- Ak lòt bagay ankò!

Gade ki kote sant mobil pou byennèt ak opòtinite nou an prale ak sa ki pral fèt sou www.amerihealthcaritasoh.com/community/mobile-wellness-center.aspx.

*Aktivite ak evènman ki fèt yo depann de sa ki planifye a ak disponibilite a.

